



## PWOGRAM SIBVANSYON POU DEVLOPMAN KAPASITE DIJITAL YO

### POUKISA NOU AP LANSE PWOGRAM SIBVANSYON SA A?

MGCC genyen misyon pou li ede ti biznis nan Massachusetts yo nan finansman ak asistans nan jesyon, aksè ak resous pou biznis, epi sèvis endividyèl pou idantifye epi kreye solisyon ki ap pi byen satisfè bezwen yo. Pwogram sibvansyon sa ap chèche founi fon ki ap ede ti biznis yo devlope kapasite dijital yo (pandan li ap konsantre li espesyalman sou fonksyonman, bezwen kès anliy, maketing dijital, ak angajman nan medya sosyal yo) atravè sipò Founisè Asistans Teknik pou Ti Biznis yo (Small Business Technical Assistance, SBTA).

### KISA PWOGRAM SIBVANSYON SA YE?

Pwogram sibvansyon sa a ap bay jiska \$5,000 fon sibvansyon (san frè \$250 pou peye Esponnsò SBTA an) pou akonpli pwojè ki ap ede ti biznis moun ki fèb ekonomikman ak sosyalman yo devlope kapasite dijital yo. Founisè SBTA yo ap esponsorize epi ede ti biznis yo jwenn aksè ak epi konplete pwosesis aplikasyon an. Ti Biznis ki ap aplike an, avè asistans Esponnsò SBTA li an, ap antre anndan pwosesis pou evalye bezwen dijital yo epi travay ansanm ak yon Pwofesyonèl Kalifye pou kreye yon solisyon atravè yon plan devlopman dijital.

### KILÈS KI KALIFYE POU APLIKE?

Li dwe yon **ti biznis** ki:

- **Baze** nan Massachusetts ak yon vitrin, yon anplasman fizik, piblik la kapab wè, ki ap fonksyone nan Massachusetts
- Genyen 1-20 anplwaye FTE
- **Se** premye sous lajan pwopriyetè biznis la.
- **Genyen** yon revni anyèl ki pa depase \$2,500,000
- Te konplete epi soumèt Evalyasyon Dijital la bay Esponnsò SBTA pou revizyon
- **Te jwenn** nominasyon nan men yon Founisè Asistans Teknik atravè Pwogram Asistans Teknik pou Ti Biznis MGCC lan.
- Te an fonksyonman pou yon minimòm yon lane nan moman aplikasyon an
- **Pa yon** òganizasyon non likratif, ki pa likratif, oswa karitatif
- **Pa yon** biznis ki founi sèvis dijital bay lòt biznis (tankou kreyasyon/devlopman sitwèb, SEO, pwogramasyon)

- **Pa yon** franchiz ki genyen plis pase 2 etablisman, ki genyen ladan li sa ki genyen pwopriyetè ak fonksyonman yo apa (Franchiz ki genyen jiska 2 etablisman yo ap jwenn konsiderasyon)
- **Pa yon** biznis imobilye (lokasyon/lavant)
- **Pa yon** demachè
- **Pa yon** biznis ki gen pou wè ak kanabis (dwòg)

#### **Genyen yon pwopriyetè ki:**

- Genyen 18 lane oswa pi plis nan moman aplikasyon an:
- Se sitwayen Ameriken oswa yon rezidan pèmanan

#### **KILÈ PWOGRAM SIBVANSYON SA AP KÒMANSE?**

Pwogram sibvansyon sa ap kòmanse nan dat 15 jen 2021. Se ap yon aplikasyon pèmanan ak soumisyon aplikasyon pou sibvansyon ki ap pase nan revizyon chak mwa. Aplikan yo kapab rete tann yon repons pandan sis (6) semèn apre yo soumèt aplikasyon pou sibvansyon konplè yo an ansanm ak tout dokiman ak enfòmasyon siplemantè ki nesèsè yo.

#### **KIJAN MWEN KAPAB APLIKE?**

Tou aplikan yo dwe jwenn Esponnsò Founisè Saistans Teknik lan atravè Pwogram SBTA MGCC an. Pou jwenn yon lis Founisè SBTA yo, tanpri klike la:

<https://www.empoweringsmallbusiness.org/fy2021-awardees>

Lè aplikan an genyen yon Esponnsò SBTA, li dwe konplete yon Evalyasyon Dijital pou evalye bezwen dijital yo. Epi, ak direktiv Esponnsò SBTA li an ak resous MGCC founi yo, aplikan an pral jwenn yon Pwofesyonèl Kalifye pou devlope yon plan pou amelyore kapasite dijital li yo - espesyalman nan domèn li ap fonksyone yo (sistèm dijital), komès anliy, maketing dijital, ak angajman medya sosyal epi ranpli aplikasyon an nèt atravè Submittable.

Si yo apwouve li, MGCC ap bay jiska \$5,000 pou plan devlopman dijital, ki pral jwenn Esponnsò SBTA an. Nan kantite sibvansyon ki resevwa an, \$250 prale jwenn Esponnsò SBTA an antanke frè. Esponnsò SBTA an kapab refize pran frè sila pou aplikan si li pa vle.

Tanpri jwenn tout RFP an, plis enfòmasyon sou aplikasyon an, tèm, itilizasyon apwouve lajan an, ak plis detay sou sitwèb nou an: <https://www.empoweringsmallbusiness.org/empowerdigital>